

**PANGARUH MATERI MATA KULIAH KAWIRUSAHAAN KANA  
PARINTISAN USAHA MAHASISWA FKIP UNPAS**

(Studi Kasus Mahasiswa Program Studi Pendidikan Ekonomi FKIP Unpas  
Angkatan 2014 sarta 2015)

Ku

**Asri Devi Pratimi**  
**145020031**

**ABSTRAK**

*Udagan tina ieu panalungtikan nya éta pikeun nangtukeun kumaha materi mata kuliah kawirausahaan, parintisan usaha mahasiswa sarta pangaruh materi mata kuliah kewirausahaan kana parintisan usaha mahasiswa FKIP Unpas (Studi kasus mahasiswa program studi pendidikan ekonomi FKIP Unpas angkatan 2014 sarta 2015). Métoode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta survey ngagunakeun sampel mahasiswa program studi pendidikan ekonomi FKIP Unpas angkatan 2014 sarta 2015 anu sajumlah 135 mahasiswa. Analisis data nu digunakeun nya éta analisis regresi linier sederhana ngaliwatan itungan rata-rata skor ngagunakeun IBM SPSS Statistics Version 24.0. for Windows. Hasil panalungtikan rékapitulasi skor rata-rata kamandang réspondén ngeunaan materi mata kuliah kewirausahaan lobana 4,15 (83,03%) sedengkeun parintisan usaha lobana 3,92 (78,49%). Kukituna bisa dicindekeun yén kamandang réspondén kana materi mata kuliah kawirausahaan “Satuju Pisan” sarta parintisan usaha “Satuju”. Dumasar analisis data nu geus dilakukeun, hasil panalungtikan pangaruh materi mata kuliah kawirausahaan nya éta ditingali tina itungan koéfisién déterminasi ngaliwatan nilai R Square lobana 0,273. Ieu hal ditétélakeun variabel X miboga pangaruh lobana 27,3% kana variabel Y sarta sésana 72,7% dipangaruhan ku faktor séjén. Faktor nu jadi pangaruh kana variabel Y lobana 27,3% dilantarankeun ku indikator variabel X mangrupa materi mata kuliah kewirausahaan. Panulis miboga pamadegan kanggo pihak-pihak nu pakait nya éta: (1) Kanggo mahasiswa, diharepkeun tiasa nerapkeun materi ajar anu dimeunangkeun tina mata kuliah anu di tempuh; (2) Kanggo program studi, ningkatkeun deui materi mata kuliah kawirausahaan utamana dina keterampilan pikeun berwirausaha, sareng masihan kasempatan kanggo mahasiswa supados bisa berproses pikeun jadi wirausaha; (3) Kanggo universitas, masihan fasilitas kanggo ngembangkeun usaha-usaha anu muncul tina mata kuliah kawirausahaan supados parintisan usaha mahasiswa tiasa langkung nyata perkembanganana; (4) Kanggo panalungtik saterasnna, tiasa ngalaksanakeun panalungtikan nu sarupa ngangge faktor sanes atanapi pembahasan anu sanes oge supados dipendakan alternatif kanggo ningkatkeun hasil tina pendidikan kawirausahaan di perguruan tinggi kana parintisan usaha.*

**Kosa Kecap :** Materi mata kuliah kawirausahaan sarta parintisan usaha.